# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНДЕ -ЫҢЫЗ, -ИҢИЗ, -ҢЫЗ, -ҢИЗ ҚОСЫМТАЛАРЫНЫҢ СЫПАЙЫЛЫҚ МӘНИ БИЛДИРИЎИ

**Матжанова Айжамал Жарылкаповна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты*

Әдетте адамлардың биразы сыпайылық дегенде коммуниканттың мәдениятлы сөйлеўи деп түсинеди. Бул сыпайылықтың тар мәниси. Ал, сыпайылықты кеңирек мәниде былайынша түсиниўге болады. Сыпайылық мәни билдиретуғын көплеген тиллик бирликлердиң ишинен сәўбетлесиңниң социаллық дәрежесине, қарым-қатнас типине , қарым-қатнас жағдайына қолайлысын, ылайықлысын таңлап алыўың, белгили бир жәмийетлик топардың ўәкили ретинде соларға тән тиллик бирликлерди қоллана билиўиң , өзиңниң тыңлаўшы я болмаса сөйлеўши ретиндеги коммуникативлик ролиңди дурыс атқара алыўың ҳәм мәдениятлылық көрсетиўиң коммуниканттың сыпайылығы деп айтыўға болады. А.Қобланованың пикиринше, “Сыпайылық - тилде адамлардың өз ара қарым-қатнасын ретлестирип отыратуғын жәнe олардың өз ара дослық қарым-қатнас орнатыўына уйытқы болатугын арнаўлы хызмет” [Қобланова А., 1993. – 93 б]. Биз сыпайылықты тийкарынан универсаль, улыўмалық ортақ, дүнья мәдениятының бир бөлеги деп билемиз ҳәм түрли мәмлекетлерде аўызеки (сөйлеў этикети) ҳәм аўызеки болмаған (мимика, ым-ишаралар, қараслар) мүләйим ҳәрекетлердиң вариантларын ушыратамыз. Қарақалпақ тилинде де сыпайылық мәни тиллик ҳәм тиллик емес қураллар арқалы билдириледи. Солардың бири-морфологиялық қураллар.

Ҳәр қандай тилде болғаны сыяқлы қарақалпақ тилинде де морфологиялық қураллар сөзлерге қосымша форма ҳәм мәни берип, қолланыў шеңбери тәрепинен кеңейеди. Сыпайылықты билдириўши морфологиялық қураллар қолланыў орнына қарай функциональ тәрептен өзгешеленеди.

Қарақалпақ тилинде аффикс морфемаларды илимпаз П.Нәжимов: сөз жасаўшы аффикс морфемалар, форма жасаўшы аффикс морфемалар, сөз өзгертиўши аффикс морфемалар [Нәжимов П., 2021. – 13 б]-деп үш топарға бөлип үйренеди.

Изертлеў нәтийжелеримиз соны көрсетеди, қарақалпақ тилинде сөз жасаўшы қосымталарға қарағанда форма жасаўшы ҳәм сөз өзгертиўши қосымталар сыпайылық мәни билдириўде кең қолланылады.

Мине усындай сыпайылық мәни билдириўши қосымталардың бири-*ыңыз, -иңиз, -ңыз, -ңиз қосымтасы.* Бул қосымтаның қарақалпақ тилинде сыпайылықты билдириўиниң еки көриниси бар.

1. Тартым қосымтасының атлық сөзлерге жалғаныўы арқалы.

2. Бетлик қосымтасының фейиллерге қосылып келиўи арқалы.

1. Тыңлаўшыны билдиретуғын тартымнын II бет бирликтеги формасы *-ың, -иң, -ң*.

Ал көпликтеги II бет формасы қарақалпақ тилинде *-ыңыз, -иңиз, -ңыз, -ңыз.* Бул қосымта тек көпликти билдирип қоймастан, орны менен бирликтеги тыңлаўшыға қарата қолланылғанда сыпайылықты да билдиреди.

Бул ҳаққында илимий грамматикада: «II бет көплик сан формасы сыпайылықты билдирип, бирлик сан орнына қолланылады» [Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы, 1994. – 126 б]-деп жазылса, профессор А.Бекбергенов мийнетинде: «Тартымның II бет көплик формасы бирлик сан орнында қолланылып сыпайылықты аңлатады» [Бекбергенов А., 1990. – 47 б]-деп келтиреди. Ал Г.Патуллаева болса тартымның I ҳәм II бет көплик сан формалары бирлик сан орнында қолланылып сыпайылықты, кишипейилликти билдиретуғынлығын айтады [Патуллаева Г., 2015. – 30 б] Ҳақыйқатында да, тартымның II бет көплик сан формасы бирлик сан орнына қолланылғанда ҳүрмет, сыпайылық мәнисин билдиреди. Мысалы, Қарағым, сиңлим, ағаңыз келисим берди. Арзаңды жазып келе ғой, -дедим (Г.Есемуратова, 101-б). – Танысып қойыңыз, жасы үлкен бул келиниңиз болады (К.Мәмбетов, 233-б). Бул мысалларда ағаныз, келиниңиз сөзлери бирлик санның орнына қолланылып сыпайылық мәни билдирип тур.

Ҳәзирги қарақалпақ тилинде II бет тартым формаларында көплик мәниге қарағанда сыпайылық, ҳүрметлеў мәниси басымырақ [Оразымбетов А., 1996. – 105 б]. Бундай пикирди Г.Патуллаевада айтады: «Ҳәзирги қарақалпақ тилинде II бет көплик сан тартым формалары арқалы көплик мәни менен бирге сыпайылық, ҳүрмет мәниси билдириледи» [Патуллаева Г., 2015. – 23 б]. Демек, ҳәзирги қарақалпақ тилинде *-ңыз, -ңиз, -ыңыз, -иңиз* қосымталары тек көплик сан тартымлық мәни билдирип қоймастан орны менен бирликтеги тыңлаўшыға қолланғанда сыпайылық мәни аңлатады.

Түрк тилиндеги ҳүрмет категориясы бойынша изертлеў алып барған Ҳ.Имомова *-ыңыз, -иңиз -ңиз, -ңыз* тартым қосымтасының тек адамларға қарата сыпайылық мәни аңлатпастан, оның затына, нәрсесине болған ҳүрметли қатнаста жумсалатуғынлығын айтады. «Тилдеги ҳүрмет категорияси аффиксал морфологиялық бирликлерде қурамалы шынжыр системасын пайда етип, ҳүрмет аңлатыў «шахс»тан оған тийисли «нәрсе»лерге көшеди [Имомова Ҳ., 2017. – 27 б]. Бул қубылыс қарақалпақ тилинде де ушырасады. Мысалы, Сизди Мурат Мухаммедович саат он жетиде қабыл етеди. Пропуск бюросынан рухсат *қағазыңызды*алыңыз да жоқарыға көтерилиңиз, -деп айтқан (К.Мәмбетов, 92-б) Мийрим-шәпәәтли *жүзлериңиз* түсип, өткир *көзлериңиз*диң бири менен биздей

ғәрип пухараңызды көрип қалғаныңыз ушын өмиримиз бенен миннетдармыз, уллы ханымыз, -деп қайта орнына отырды (Т.Қайыпбергенов, 69-б).

Сондай-ақ тартымның I бет көплик сан формасы да лаўазымы жоқары дәрежели адамларға қатнас жасағанда сыпайылық, ҳүрмет мәнисин билдиреди. Мысалы, – Ханымыз, азат етиңиз. – Қыршын жанлар қыйналмасын! – Шайқымыз, ерке шәкиртиңизди сорап алыңыз (Т.Қайыпбергенов, 61-б). Ҳүрметли президентимиз, халық сизден разы (Халық аўзынан). Қәдирли меҳманымыз, бизде ондай дәстүр жоқ, -деди Әлий (Т.Қайыпбергенов, 53-б).

Фейиллерге қосылатуғын *-ыңыз, -иңиз, -ңыз, -ңиз* бет-сан қосымтасының көплик формасы бирлик орнында қолланғанда сыпайылық мәни аңлатады.–Бул ҳаққында Қ.Пахратдинов ҳәм И.Сейтназаровалар: *“-ңыз, -ңиз* сыпайылықты, ҳүрметти билдиретуғын форма жасаўшы аффикс. Тыңлаўшыға “ҳүрмет-иззет” мәнисин билдиреди” [Пахратдинов Қ., Сейтназарова И., 2018. – 16 б]-деп көрсетеди.

Мысалы, Ахун ата, бийлердиң атынан орыс патшасына ант қағаз таярлап бериңиз, -деди (Т.Қайыпбергенов, 125-б). Ойланбаңыз, шайығым, жигитлерди тарқатайық (Т.Қайыпбергенов, 210-б). *-ыңыз, -иңиз, -ңыз, -ңиз* бетлик жалғаўынан кейин *шы* жанапайының қосылып келиў ҳалаты да қарақалпақ тилинде ушырасады. Мысалы, Енди адамлардың көзине қалай көринип, қалай жер басаман, айтыңызшы?! (Г.Есемуратова, 50-б). Бул мысалда да сәўбетлесине болған кишипейиллик пенен қатнас жасаў жағдайы көринеди.

Демек, қарақалпақ тилинде бул қосымтада сыпайылық мәниси бирлик санның орнына тартымның ҳәм фейилдиң бет-сан көплик формаларын қосыў арқалы билдириледи. Сыпайылық билдириўде *-ыңыз, -иңиз, -ңыз, -ңиз* қосымтасы адамның затына, нәрсесине буйым, ҳәрекет, ҳалатларда билдириў қәсийетине ийе болады. *-лар, -лер* қосымтасы сыяқлы *-ыңыз, -иңиз, -ңыз, -ңиз* қосымтасы да ҳәм атлықларға, ҳәм фейиллерге қосылыў арқалы сыпайылық билдиреди**.**

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1990. – Б. 47.

2. Имомова Х. Турк тилида ҳурмат категорияси // филология фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) илимий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. – Тошкент, 2017. – Б. 27.

3. Қобланова А. Қазақ сөз этикеті. – Алматы, 1993

4. Нәжимов П. Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў системасы. – Нөкис: Илим, 2021. – Б. 13.

5. Оразымбетов Ә. Қарақалпақ тилинде сан мәнисиниң аңлатылыўы // филология илим. канд дәрежесин влыў ушын усынылған диссертация. – Нөкис, 1996. – Б. 105.

6. Патуллаева Г. Қарақалпақ тилинде тартым мәнисиниң билдирилиў усыллары. Монография. – Тошкент, 2015. – Б. 23.

7. Пахратдинов Қ. Сейтназарова И.Қарақалпақ тилинде аффикслердиң көрсеткиши Нөкис: Қарақалпақстан, 2018.

8. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў хәм морфология. – Нөкис: Билим, 1994. – Б. 126.